Volontè COASTSWEEP Enskripsyon/Abandon

Òganizatè Netwayaj: _____ **Dat Netwayaj:** _____ **Kote Netwayaj:** _____

Mwen, yon patisipan nan aktivite COASTSWEEP la, dakò pou swiv tout enstriksyon netwayaj jan òganizatè lokal yo/oswa manadjè plaj yo endike. Mwen konprann travay mwen ofri pou m fè a epi mwen deklare ke mwen kalifye e mwen kapab fizikman fè travay ak aktivite mwen ofri pou m fè a. Mwen konprann ke mwen ka kolekte divès kalite debri nan lanmè, tankou vè kase, mòso metal, ak lòt materyèl ki ka blese si yo pa manyen yo byen. Tout materyèl ki gen kontni enkoni, ki lou, oswa ki biza (debri medikal, veso chimik, bidon 55 galon, fe datifis...) ap rete kote yo ye san yo pa manyen yo, yo pral note kote yo ye, epi yo pral avize pèsonèl ki fòme. COASTSWEEP se yon òganizasyon ki baze sou volontarya epi li pa responsab pou nenpòt blesi ki rive pandan netwayaj la.

Mwen libere Fonkomen Massachusetts la, Biwo Jesyon Zòn Kotyè Massachusetts (CZM), anplwaye yo, ak ajan yo de tout responsablite, reklamasyon, pèt, domaj, depans ak/oswa blesi, kit se sou moun oswa byen, ki ka rive akòz aksyon mwen pandan m ap patisipe nan aktivite volontè COASTSWEEP. Mwen dakò tou pou m dedomaje, defann, epi libere Fonkomen Massachusetts la, CZM, ak anplwaye yo, ak ajan yo de tout responsablite pou nenpòt domaj oswa blesi ki rezilte nan aksyon mwen pandan m ap patisipe nan aktivite volontè CZM otorize oswa sponsorize, ki parèt andeyò limit aktivite otorize yo. Mwen rekonèt ke, lè m patisipe nan aktivite volontè sa yo, mwen pa resevwa okenn nominasyon nan sèvis leta a, epi mwen p ap resevwa okenn salè oswa pèman nan men Kominote a. Kidonk, mwen konprann ke mwen pa gen dwa a Konpansasyon Travayè e ke mwen pa ka fè okenn reklamasyon kont CZM pou nenpòt blesi, pèt, oswa domaj sou moun (kit se blesi fizik oswa lanmò) oswa byen ki rive pandan m ap patisipe nan travay volontè COASTSWEEP epi, anplis, mwen pral bay pwòp asirans sante mwen.

Foto - Anplis, lè m siyen, mwen bay konsantman pou foto yo pran de mwen pandan netwayaj yo ka itilize pa Fonkomen Massachusetts la, CZM, ak Ocean Conservancy nan piblikasyon, prezantasyon, sou sit entènèt, epi voye bay nenpòt medya pou ogmante piblisite pou Netwayaj Kotyè Entènasyonal la epi pou fè moun konnen pwoblèm debri nan lanmè. Anplis, ou afime ke ou posede dwa pou nenpòt foto ou soumèt epi ou dakò pou transfere dwa sa yo bay Fonkomen Massachusetts la, CZM, ak Ocean Conservancy.

Mwen te li akseptasyon an (tcheke & Inisyal)	Non	Adrès	Kontak Ijans (Non, #)
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			
☐			